



Devlopman kominote ansèyman nou an

Chè fanmi ak kòlèg,

Bon lekòl kòmanse avèk bon jan edikatè. Kòm Chanselye, epi kòm yon moun ki te kòmanse pwòp karyè li nan Lekòl Leta Vil Nouyòk kòm yon [NYC Teaching Fellow](#), mwen konnen kòman yon bon pwofesè ka pote chanjman—pou elèv, lekòl ak fanmi.

Fè rekritman ak sipòte edikatè eksepsyonèl enpòtan pou asire chak timoun nan chak katye gen aksè nan yon bon kalite edikasyon, epi pou edikatè nou yo reflekte divèsite ak ekselans kominote nou yo. Avèk efektivite klas n ap diminye nan lekòl atravè senk borough yo, n ap chèche Nouyòkè ki pi pasyone, pi sansib, pi kreyatif toujou, pou vin pwofesè NYCPS.

Menmsi se oumenm oswa yon moun ou konnen ki se yon pwofesè ki gen eksperyans oswa k ap konsidere anseyman kòm yon nouvo karyè, Lekòl Leta Vil Nouyòk ofri plizyè mwayen pou fè sa. Sa gen ladan opsyon pou [pwofesè sètifye](#), pwofesè ki soti nan [lòt eta](#), [estaf NYCPS kounye a](#) ki enterese pou vin pwofesè, [pakou akselere](#) pou rive nan ansèyman, opòtinite pou [pwofesyonèl nan endistri](#), ak plis ankò. Ou ka jwenn enfòmasyon pou wè si opòtinite yo ta ka bon pou ou oswa bon pou yon moun ou konnen nan [TeachNYC.net](#).

Anseye nan Vil Nouyòk vle di fè pati yon bagay ki pi gwo pase nenpòt salklas. Se yon opòtinite pou sèvi, aprann, epi ede fòm avni vil nou an.

Si ou menm—oswa yon moun ou konnen—te janm panse pou vin yon edikatè, mwen ankouraje w pou w eksplòre epi pataje chemen ki disponib yo nan [TeachNYC.net](https://teachnyc.net).

Nan kolaborasyon,

Kamar H. Samuels

Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

NYC Teaching Fellows se yon pwogram ki enpòtan anpil pou mwen, paske se nan pwogram sa a mwen te kòmanse sa gen plis pase 20 ane. Mwen te jwenn enfòmasyon sou pwogram Teaching Fellows a nan yon piblisite nan tren ki te di, “W ap toujou sonje non pwofesè premye ane ou a. Ki moun ki pral sonje non pa ou?” Kesyon sa a te rete nan tèt mwen. Mwen te aplike pou m vin yon Teaching Fellow epi mwen te kòmanse travay nan salklas kèk mwa apre.

Teaching Fellow nou yo soti nan yon pakèt domèn pwofesyonèl (mwen te yon kontab), epi pwogram lan te ban mwen yon preparasyon entansif, yon ankadreman, ak yon aprantisaj pwofesyonèl san rete pou ede m aplike lanmou mwen pou matematik nan ansèyman.

[Aplikasyon NYC Teaching Fellows](#) an ouvè jiska 19 mas, donk jodi a se yon bon jou pou aplike si w gen yon degre kolèj katran epi ou vle fè yon diferans nan lavi elèv Vil Nouyòk.

[Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a.](#)

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an

Pou jwenn aksès nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyon “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Janvyè te make Mwa Eritaj Mizilman Ameriken nan Eta Nouyòk pou premye fwa. Tcheke [Resous pedagogik Hidden Voices](#) nou an ki selebre Ameriken Mizilman ki gen yon enpak nan vil nou an, peyi nou ak nan mond lan.
- Fevriye se Mwa sou Listwa Moun Nwa. Ale sou [paj wèb ofisyèl Mwa Listwa Moun Nwa](#) nou an pou lis ki ajou sou aktivite espesyal nou yo, ekspozisyon, rekòmandasyon liv, ak resous odyovizyèl pou ni fanmi ni edikatè.
- Pou jwenn nouvèl ak resous anplis, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).

